

# CAQ BI®

Soreelum njur mu laajul dara te woor

## LAN MOOY CAQ BI ?


- Caq biitax nuy wax, caq la bu am ay per yu wuutey melo.
- Meloy per yooyu, nooy tax nga rànnee bés yi nga mëna ëmbe. Bu ko defee, nga moytoo joteek kenn ci bés yooyu.
- Ba tey, caq bii, moo lay xamal bés yi nga xam ni, boo ci jotee it, ëmb mën na la caa bana fekk.



**Caq bi, mungi sukkandiku ci am pexe mu laajul dara ci fannu soreelum njur te kaaraangeen tollu ci 95%, bu nu jëfandikoo ci anam wu jaar yoon. Loolu, li muy tekki mooy bees bo ko jëfandikoo ni mu ware, 100 jigeen yoo jël, juroom ya rekk noo ci mëna jële ëmb.**

## CAQ BI AK MBAAX

- Caq bi, dafa taxaw taxawaayu mbaaxu jigeen.
- Per bu cinekk, di taxaw taxawaayu ben fan ci jamonoy mbaax jooju.




**Mbaax ak gis poot du benn. Gis, mooy bés yi ngay gise deret. Mbaax nag, mooy mbooleem bés yi dale ko jamonoji nga gise poot ba ci bés bi mujj lu jiitu ngay gisaat poot.**




# CAQ BI®

- Caq bi, du aar kenn ci jangoroy SIDAA mbaaci yeneen jangoro yiy bawoo ci sèy.
- Caq bi,du fowukaay. Kon, dees koo wara denc ci béreb bu xale yi jotewul.

Brevets d'Etats-Unis N° 6,747, 917 B2.
Licence en cours de brevetage a l'étranger.
Collier du Cycle est distribué sous licence.

## LAN LA MELOY PER YI DI TEKKI




**Caq bi ëmb na 32 per, benn jaarob "kawsu", akub solom bu ànd akug fitt.**

## KAN MOO WARA JËFANDIKOO CAQ BI?

- Jigéen ni nga xam ni seen mbaax tollu ci diggante 26 ak 32 fan.




- Way dencante yiy bokk di waxtaan tey moytu sèy yi àndul ak kiirlaay su fekkeeni ëmb mën na cee am.




# NAKA LANUY JËFANDIKOO CAQ BI?


**1.** Bés bi njëkk ci sam poot, dugalal jaaro bi ci per bu xonq bi.




**2.** Boole ci itam bind bés boobu ci sa arminaat.





**3.** Bés bu nekk, nga toxal jaaro bi, jële ko ci per yobbu ko ci benen per, toppé ko noonu, su dee, sax dafa dajeek say bési gis poot.




**4.** Bul joteek kenn, te wuuto kiirlaay bés bu jaaro bi nekkee ci per bu weex. Ndax bés boobu, mën nga cee jële ëmb.



**5.** Mën ngaa séy, bu fekkeeni jaaro bi mu ngi ci per bu marron. Ndax bés boobu, mën nga cee bana ëmb.



**6.** Daldil dellowaat jaaro bi ci per bu xonq bi bés bi nga gisaatee poot te bayyi per yi des.




## NOOY DEF BOO FATTEE TOXAL JAARO BI?


**Boo fattee toxal jaaro bi, toppal tegtal yii:**

Jëkkala nemmiku ci arminaat bi, bés bi nga mujjee gis poot.

Boo noppee, nga tambalee ci bés boobu, di wonn bés yi fi jaar, te boobu ci bu tey bi.




Nga mujje nag, tambalee ci per bu xonq bi, wonn benn li mu per yi, toxal jaaro bi ci per bi mu tombeel bésu tey.




## KAN NGA WARA JOKKOOK SA FAJKAT?



- Boo jotee te amoo kiirlaay ci bés bu jaaro bi nekkee ci per bu weex.
- Boo njotee ni dangaa ëmb ndax giso poot.
- Boo gisee poot te aggagoo ci per bu nuul bi. Loolu dafay tekki ni sa mbaax maatul 26 fan.



- Boo gisaatul poot benn fan, gannaaw per bu marron bu mujj bi. Loolu dafay tekki ni sa mbaax ëpp na 32 fan.



**Bu fekkeeni ci at mi, lu ëpp naari yoon sa mbaax dafay yees 26 fan walla mu romb 32 fan. Kon caq bi, du pexem soreel njur mi gën ci yaw.**

## AM PATTALI

**Caq bi baax na su fekkeeni:**

- ☑ Sa mbaax mu ngi tollu ci diggante 26 ak 32 fan. Su fekkeeni, sa mbaax dina yées 26 fan walla mu ëpp 32 fan, lu ëpp naari yoon ci at mi, kon caq bi, du pexem soreel njur mi gën ci yaw.
- ☑ Dangaa tàmbalee jëfandikoo caq bi, bés bi njëkk ci sa gis poot.
- ☑ Dingay toxal jaaro bi bés bunekk.
- ☑ Doo joteek ken te wutoo kiirlaay ci bés yi ngay tooy.

## XEYNA FII WAR NGAA XAARAN DI BALAA NGAY JËFANDIKOO CAQ BI



- Boo dee wasin bees mbaa ngay nàmpal, waxtaan ci ak sa fajkat.
- Bu fekkee ngay doora joge ci meneen pexem soreel njur waxtaan ci ak sa fajkat.



Ci naari anam yii, deal waxtaan ci ak sa fajkat bala ngaa jëfandikoo caq bi.